



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ASISTANS FEDERAL POU KATASTWÒF  
DISPONIB KOUNYE A POU REZIDAN KONTE ORANGE YO KI TE AFEKTE PA  
OURAGAN IDA APRE YON APÈL KONT GOUVÈNMAN FEDERAL LA**

*Rezidan nan Konte Orange ki afekte pa Ouragan Ida nan mwa septanm nan  
kalifye kounye a pou aplike pou asistans endividyèl nan FEMA*

*Deklarasyon gwo dezans pou Ida ki amnde a apre Gouvènè Hochul te fè apèl,  
sekirize finansman ak resous siplemantè pou Nouyòkè ki nan bezwen yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a rezidan nan Konte Orange yo ap kapab aplike pou soulajman endividyèl pou katastwòf ki lye ak inondasyon istorik ak domaj Ouragan Ida a te lakoz nan kòmansman septanm lan. Apwobasyon sa vini apre yon apèl Gouvènè Hochul kont Ajans Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Agency, FEMA), ki te refize pwogram Asistans Endividyèl li a anvan pou Konte Orange. Pwogram nan otorize moun ak pwopriyetè kay ki kalifye ki te afekte pa yon [katastwòf yo te deklare federalman](#), tankou Ida, pou resevwa soulajman finansye dirèk ak sipò nan men FEMA.

"M ap kenbe pwomès mwen pou Nouyòkè yo pou konbat pou yo epi sekirize chak dola mwen kapab pou ede yo rebati epi rekiperere apre katastwòf istorik sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konte Orange te frape fò pa Ida, epi asistans federal enpòtan sa ap fè anpil wout pou ede pwosesis rekipasyon eta a. Mwen remèsye patnè lokal ak federal eta a paske yo kontinye travay ak New York ak ekip evalyasyon domaj nou an pou ede livre resous sa yo bay Nouyòkè ki nan bezwen yo."

[Pwogram Asistans Endividyèl FEMA](#) a bay sipò dirèk pou moun ak mèt kay yo. Nouyòkè yo gendwa kapab resevwa fon pou lòt depans ak bezwen enpòtan pou moun ki pa asire oswa ki pa byen asire ke katastwòf la lakòz tankou reparasyon oswa ranplasman pwopriyete pèsònèl, fon pou deplase ak estoke oswa swen medikal, dantè ak gadri. Mèt kay yo ak lokatè yo ta dwe fè tout efò pou dokimante pèt yo. Nan konte ki kalifye pou asistans endividyèl yo, mèt kay ki kalifye yo pral travay dirèkteman avèk FEMA pou jwenn finansman. Asistans lan kapab gen ladan fon pou inite lojman tanporè, lojman ak reparasyon ale, konsèy nan sitiyasyon kriz, asistans pou chomaj ak sèvis jiridik.

Eta a pral fè patenarya avèk FEMA ak Konte Orange nan etablisman yon Sant Rekiperasyon apre Katastwòf, ki pral bay enfòmasyon presye pou ede Nouyòkè yo nan efò rekiperasyon ak sipò yo nan pwosesis pou aplike pou asistans ak soulajman ki disponib. Y ap anonse dat ouvèti a nan pa lontan.

Konte siplemantè yo deja apwouve pou Asistans Endividyèl nan kad Deklarasyon Katastwòf Majè a, sa gen ladan Konte Bronx, Dutchess, Kings, Nassau, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk ak Westchester.

Konte Bronx, Dutchess, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, ak Westchester te kalifye tou pou Asistans Piblik, ki bay finansman pou repara bilding ak enfrastrikti piblik tankou wout, pon, lekòl, pak, lopital, pòs lapolis, ponpye, etablisman dlo ak tretman dlo sal ak lòt etablisman piblik yo.

Gouvènè Hochul te anonse anvan lansman yon nouvo sant resous sou entènèt pou Nouyòkè ki afekte yo, disponib nan [ny.gov/lda](https://ny.gov/lda). Sant lan bay enfòmasyon sou pwogram asistans ki disponib yo ak kote pou jwenn sèvis tankouabri epi aksè ak manje. Yo pral mete enfòmasyon sou sit la ajou amezi gen plis resous pou Nouyòkè yo ki vin disponib.

Gouvènè Hochul ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan kontinye travay avèk patnè federal, eta ak lokal yo pou asire Nouyòkè yo jwenn resous ak asistans pou rekipere konplètman anba efè devastatè Siklòn Ida. Eta a pral kontinye defann èd federal ki disponib pou tout rezidan ki afekte yo.

**Komisè pa Enterim Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare** "Mèsi ak FEMA paske li rekonsidere desizyon li a epi apwouve Asistans Endividyèl pou Nouyòkè nan Konte Orange yo. Sa ap bay finansman ak resous ki esansyèl pou sila yo ki toujou ap goumen apre Ida a. Mwen rekonesan tou pou defans Gouvènè Hochul ak kolaborasyon ant Konte Orange ak Divizyon an, ki te yon enstriman pou sekirize soulajman katastwòf ki te tèlman nesèsè sa."

**Senatè Ameriken Chuck Schumer te deklare,** "Èd enpòtan sa ap ede fanmi, biznis, ak kominote Konte Orange yo sou wout pou rekiperasyon. Mwen fyè FEMA te reponn apèl mwen pou asistans federal vital sa a pou bay moun yo sipò yo bezwen pou rekipere ak rekonstwi pi djanm. Tanpèt Twopikal Ida te devaste kominote yo nan New York, ak Konte Orange te sibi plizyè milyon nan domaj sou wout yo, biznis yo ak plizyè santèn kay. M ap kontinye batay anpil pou asire fanmi nan tout Hudson Valley a gen tout resous yo bezwen pou rekonstwi apre Ida pi djanm pase anvan".

**Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand te deklare,** "Akoz nivo ak nati istorik Ouragan Ida, mwen ankouraje tout rezidan Konte Orange yo anpil pou aplike pou Pwogram Asistans Endividyèl la. Mwen te travay ansanm ak Gouvènè Hochul ak kòlèg nou yo pou debloke finansman FEMA ijan sa apre Ida te devaste kay ak kominote

yo. Finansman sa ap ale dirèkteman nan men rezidan Konte Orange yo epi sa ka fè diferans nan ede kenbe fanmi ou an sekirite jodi a ak pou tanpèt alavni yo. Si ou bezwen asistans siplemantè, biwo mwen an la pou ede ou."

**Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare,** "Aprè plizyè mwa ap defann dirèkteman ak FEMA epi travay ak Gouvènè Hochul ak Kad Egzekitif Neuhaus, mwen kontan pou anonse ke Asistans Endividyèl la nan wout pou rezidan Konte Orange yo. Mwen te wè dirèkteman gwo domaj Ouragan Ida a te fè moun nan Konte Orange yo epi Asistans Endividyèl sa ap fè anpil bagay pou ede kominote nou yo retounen sou pye yo."

**Senatè James Skoufis te deklare,** "Aprè Ida te fè wout li nan Konte Orange, elektè mwen yo ak mwen te travay ak eta ak ofisyèl federal yo pou abòde pèt enpòtan vwazen mwen yo te sibi yo. Finalman, dilijans nou te rapòte. Mwen gen lespwa ke fanmi nou yo - espesyalman sila yo ki nan kominote ki te frape pi fò tankou Washingtonville ak Cornwall - ap jwenn kèk mezi soulajman kounye a."

**Chèf Egzekitif Konte Orange, Steve Neuhaus, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul pou efò tenas ou pou sekirize èd enpòtan sa pou rezidan Konte Orange ki te afekte pa ouragan devastan sa."

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)